



Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 4.3 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL LA POU SIPÒTE PLANIFIKASYON AK REPONS COVID-19 LOKAL

*Yo ap mete finansman disponib pou ajans jesyon ijans konte yo ak Vil New York  
pou sipòte planifikasyon ak preparasyon operasyonèl COVID-19*

*Alokasyon finansman sòti nan fòmil ki baze sou popilasyon an*

*Dat limit pou aplikasyon yo se 16 jiyè 2020*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo ap mete disponib 4.3 milyon dola nan finansman federal la pou ajans jesyon ijans konte yo ak Vil New York pou sipòte planifikasyon ak preparasyon operasyonèl COVID-19. Opòtinite sibvansyon sa a pral bay yon nivo adisyonèl nan sipò dirèk nan konte yo tankou New York, ak rès mond lan, ki kontinye konfwonte pandemi kontinyèl COVID-19 la. Benefisyè ki elijib yo pral kapab itilize finansman sa a pou kouvri plizyè depans ki asosye avèk jesyon ijans ke yo deja sipòte pandan pandemi an, ansanm ak depans ki asosye avèk prevansyon lokal yo ak efò operasyonèl alavni.

"Kòm Pandemi COVID-19 la kontinye ap menase sante ak sekirite moun atravè mond lan, New York kontinye reprezante modèl pou reponn ak efikasite ak kriz sa a epi kontwole nivo enfeksyon yo malgre chaj finansye li pran sou gouvènman eta a ak lokal yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan ke finansman sa a se yon premye etap nan bay gouvènman lokal yo sekou ki nesesè anpil, sitiyasyon sa lwen pou li rive nan bout li epi mwen pral kontinye gouden pou asire ke gouvènman federal la ap bay sipò finansye reyèl ak moun ki te devan liy lan depi Premye Jou a."

Nan kad pwogram Sibvansyon ki baze sou Pèfòmans Jesyon Ijans (Emergency Management Performance Grant, EMPG) FEMA, Siplemanchè COVID-19 sa a pral bay benefisyè yo finansman pou kouvri depans ki asosye avèk planifikasyon, fòmasyon, vwayaj ki gen rapò ak COVID-19, sipò nan men konsiltan oswa kontraktè, acha ekipman, ak konstriksyon ak antretyen etablisman. Alokasyon finansman yo sòti nan yon fòmil ki baze sou popilasyon epi yo egzije yon depans ki koresponn a 1:1 nan men chak benefisyè.

Disponibilite finansman pou chak jiridiksyon ki kalifye yo pati konsa:

<u>Jiridiksyon</u>	<u>Finansman Disponib</u>
New York City	\$1,787,193
Albany County	\$66,503
Allegany County	\$10,700
Broome County	\$43,854
Cattaraugus County	\$17,558
Cayuga County	\$17,495
Chautauqua County	\$29,492
Chemung County	\$19,419
Chenango County	\$11,035
Clinton County	\$17,954
Columbia County	\$13,794
Cortland County	\$10,786
Delaware County	\$10,489
Dutchess County	\$65,035
Erie County	\$200,914
Essex County	\$10,000
Franklin County	\$11,280
Fulton County	\$12,140
Genesee County	\$13,134
Greene County	\$10,760
Hamilton County	\$10,000
Herkimer County	\$14,105
Jefferson County	\$25,409
Lewis County	\$10,000
Livingston County	\$14,296
Madison County	\$16,055
Monroe County	\$162,724
Montgomery County	\$10,979
Nassau County	\$292,840
Niagara County	\$47,323
Oneida County	\$51,347
Onondaga County	\$102,098
Ontario County	\$23,595
Orange County	\$81,502
Orleans County	\$10,000
Oswego County	\$26,695
Otsego County	\$13,611
Putnam County	\$21,798
Rensselaer County	\$34,853
Rockland County	\$68,139
St. Lawrence County	\$24,472

Saratoga County	\$48,009
Schenectady County	\$33,825
Schoharie County	\$10,000
Schuyler County	\$10,000
Seneca County	\$10,000
Steuben County	\$21,641
Suffolk County	\$326,466
Sullivan County	\$16,953
Tioga County	\$11,177
Tompkins County	\$22,203
Ulster County	\$39,895
Warren County	\$14,364
Washington County	\$13,820
Wayne County	\$20,500
Westchester County	\$207,489
Wyoming County	\$10,000
Yates County	\$10,000

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York pral administre finansman sa a nan non FEMA. DHSES pral an kontak ak biwo jesyon ijans chak jiridiksyon dirèkteman pa sèlman pou ke asire tout direktiv ak dokiman aplikasyon yo sou men, men tou pou ede avèk pwosesis aplikasyon an epi bay plis enfòmasyon jan sa nesesè.

**Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Patrick A. Murphy te deklare,** "Atravè tout pandemi COVID-19 la, premye sekouris yo ak ekspè jesyon ijans yo nan tout eta a te travay san pran souf pou kenbe kominote yo an sekirite. Malgre sityasyon an amelyore sou yon kantite pwèn, nou dwe kolektivman rete vijilan pliske gwo menas reyèl sante piblik sa a toujou rete. Finansman sa a pral jwe yon wòl enpòtan nan efò sa a nan bay patnè lokal nou yo resous yo bezwen pa sèlman pou sipòte operasyon kontinyèl yo, men planifye ak antrene pou lavni tou".

Depans ki pa elijib yo enkli:

- Nenpòt bagay ki pa gen rapò ak planifikasyon, prevansyon, oswa repons pou COVID-19;
- Aktivite ak pwojè ki pa gen rapò ak achèvmman ak aplikasyon Siplemanète COVID-19 nan kad Sibvansyon ki baze sou Pèfòmans Jesyon Ijans lan;
- Depans pou sipòte anbochaj ofisyè sekirite piblik asèmante yo nan bi pou ranpli devwa tradisyonèl sekirite piblik; oswa
- Depans ki deja peye avèk finansman ki soti nan Pwogram Asistans Piblik FEMA oswa nan nenpòt lòt pwogram federal.

Peryòd pèfòmans pou sibvansyon sa a soti nan dat 27 janvye 2020 jiska 31 jiyè 2021. Aplikan yo dwe soumèt aplikasyon pou finansman DHSES la nan voye fèy travay aplikasyon an pa imèl bay [Grant.Info@dhses.ny.gov](mailto:Grant.Info@dhses.ny.gov) pa pita ke 5:00 p.m. nan dat 16 jiyè 2020.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans**

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite [paj Facebook](#) la, swiv [@NYSDHSES](#) sou Twitter, oswa vizite [dhses.ny.gov](http://dhses.ny.gov).

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)